



Ou santi moustik ap
pike w?

Sa vle di li lè pou
drennen epikouvri.



DRENNEN

Drennen dlo dòmi.

Drennen dlo nan poubèl, goutyè, kouvèti pisin, glasyè, jwèt, potafle oswa tout lòt resipyan kote dlo pou wouze oswa dlo lapli stoke.

JETE:

vye kawotchou, dwoum, boutèy, bidon, po ak kastwòl, aparèy kase ak lòt atik ki pap sèvi.

VIDE EPI NETWAYE:

basen zwazo ak abrevwa bèt domestik yo, youn oswa de fwa pa semenn omwens.

PWOTEJE:

bato ak machin kont lapli ak bach ki pa kenbe dlo.

KENBE:

konpozisyon chimik dlo pisin yo.
Vide pisin an plastik yo lè yo pap sèvi.

**Anpeche moustik viv epi miltipliye bò
lakay ak biznis ou.**



Pwoteje tèt ou
kont piki
moustik ak
maladi yo pote.

Pa bliye
drennen epikouvri.

KOUVRI



KOUVRI PO W AK:

RAD Si ou dwe rete deyò lè moustik yo aktif, kouvri kò w. Mete soulye, chosèt, pantalon long, ak manch long.

SOLISYON KANPE LWEN POU MOUSTIK Pase solisyon kanpe lwen sou po w ak rad ou. Toujou itilize solisyon kanpe lwen jan etikèt la di l la. Solisyon kanpe lwen ki fèt ak DEET, ikaridin, esans sitwon ekaliptis, ak IR3535 efikas. Itilize moustikè an til pou pwoteje timoun pi piti pase 2 mwa.

SKRINE PÒT AK FENÈT YO.

Pa kite moustik rantre nan kay la. Repare skrin fenèt, pòt, galri ak teras yo.